# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**«Үйде жеке тәртипте оқытыўды шөлкемлестириў ҳаққында»**

Өзбекстан Республикасы «Билимлендириў ҳаққында», «Кадрлар таярлаў миллий бағдарламасы ҳаққында»ғы «Бала ҳуқықларының кепилликлери ҳаққында»ғы, «Майыпларды социаллық қорғаў ҳаққында»ғы Нызамлары, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2017-жылды 15-март күнги «Улыўма орта билим бериў ҳаққындағы Режени тастыйықлаў ҳаққында»ғы 140-санлы, «Улыўма орта хәм орта арнаўлы, кәсип-өнер тәлиминиң мәмлекетлик тәлим стандартларын тастыйықлаў ҳаққында»ғы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2011-жыл 13-сентябрь күнги «Имканияты шекленген балалар ушын қәнигелестирилген Мәмлекетлик билимлендириў мәкемелери ҳаққындағы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди тастыйықлаў туўралы» 256-санлы қарарлары, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў ҳәм Ден саўлықты сақлаў министрликлериниң 2019-жыл 18-марттағы «Физикалық ямаса психикалық раўажланыўында кемшилиги болған ҳәм де узақ даўаланыўға мүтәж болған балалардың үйде жеке тәртипте билим алыўын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы Режени тастыйықлаў туўралы» 5СХ ҳәм 73-санлы (Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинде 2019-жыл 2-апрель күни 2691-1-саны менен дизимнен өткен) қарарлары, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 26-август күнги « Жеке тәртипте билим алаўға мүтәж болған балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемелери (мектеп ҳәм мектеп-интернатлары) ҳәмде узақ ўақыт даўаланыўға мүтәж болған балалардың үйде жеке тәртипте билим алыўы ушын 2021-2022-оқыў жылына мөлшерленген таяныш оқыў режелерди тастыйықлаў ҳаққында»ғы 273-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Республикалық 10-санлы көзи әззи ҳәм шала көриўши балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемесиниң 2021-жыл 28-сентябрь күнги 230-санлы хаты орынлаў ушын инабатқа алынсын.

2. Республикалық 10-санлы көзи әззи ҳәм шала көриўши балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемесине Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық психологиялық – медициналық – педагогикалық комиссиясының 2021-жыл 31-август күнги 132/10-21-санлы хуласасы тийкарында 1-классқа қабылланған, 2014 жыл 25-июль күни Хожели районында туўылған Пирниязов Каллибек Торениязович (Хожели районы П.Халмуратов көшеси 49-жай), Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық психологиялық – медициналық – педагогикалық комиссиясының 2012-жыл 20-сентябрь күнги 9-санлы хуласасы тийкарында 1-классқа қабылланған, бүгинги күнде 10-класста оқып атырған 2005 жыл 4-февраль күни Қанлыкөл районында туўылған Полатов Даулет Бахтияр улы (Қанлыкөл районында Женис көшеси 32-жай), Қарақалпақстан Республикасы

Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық психологиялық – медициналық – педагогикалық комиссиясының 2021-жыл 23-сентябрь күнги 139/10-21-санлы хуласасы тийкарында 8-классқа қабылланған 2007 жыл 3-июль күни Қоңырат районында туўылған Балтабаева Динара Бахадировналарға (Қоңырат районы Сүўелли АПЖ), 2021-жыл 29-сентябрь күнинен баслап, үйинде жеке тәртипте билим бериў ушын рухсат берилсин.

3. Республикалық 10-санлы көзи әззи ҳәм шала көриўши балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемеси (дир.ў.ў.а С.Реймов)не:

-үйде жеке тәртипте билим алыўшы оқыўшыларға тәжирийбели қәниге ҳәм муғаллимлерди бекитиў;

-үйде жеке тәртипте билим алыўшы оқыўшыларды тийисли оқыў қураллары, сабақлықлар, парта, тахталар менен тәмийинлеў;

-Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлигинен 2013-жыл 5-март күни 2435-сан менен дизимге алынған, Өзбекстан Республикасы Мийнет хәм халықты социаллық жақтан қорғаў министрлиги, Халық билимлендириў министрлиги, Қаржы министирлиги 2013-жыл 28-январьдағы 5СП, 3, 10-санлы қарарына муўапык муўапық үйде жеке тәртипте билим алыўшы оқыўшыларды үйинде оқытатуғын муғаллимлерге белгиленген тәртипте жол ҳақысын төлеў менен тийисли ўазыйпаларды орынлаў тапсырылсын.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүкленсин.

**Тийкары:** Республикалық 10-санлы көзи әззи ҳәм шала көриўши балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемесиниң 2021-жыл 28-сентябрь күнги 230-санлы хаты, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық психологиялық – медициналық – педагогикалық комиссиясының 2021-жыл 31-август күнги 132/10-21-санлы хуласасы, Хожели районы Медицина бирлеспесиниң 2021-жыл 23-сентябрь күнги 65-санлы медициналық жуўмағы, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық психологиялық – медициналық – педагогикалық комиссиясының 2012-жыл 20-сентябрь күнги 9-санлы хуласасы, Қанлыкөл районлық Көп тармақлы Шаңарақ поликлиникасының 2021-жыл 21-сентябрь күнги 42-санлы медициналық жуўмағы, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги жанындағы Республикалық психологиялық – медициналық – педагогикалық комиссиясының 2021-жыл 23-сентябрь күнги 139/10-21-санлы хуласасы, Қоңырат районлық Көп тармақлы Шаңарақ поликлиникасының 2021-жыл 20-сентябрь күнги 195-санлы медициналық жуўмағы.

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI ... QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

**Министр** **Р.Реимов**

№ 214/2

«29» Сентябрь 2021-жыл